

Pou yon avni enèjetik pi entèlijan, pi fò epi pi pwòp

Commonwealth fikse yon seri objektif enpòtan pou lite kont chanjman klimatik la. National Grid konstwi yon sistèm enèjetik pi entèlijan, pi fò epi pi pwòp pou tout Bay Staters yo. Nou ap akselere koneksyon enèji renouvlab pwòp yo ki pral rezoud pwoblèm tout kliyan nou yo. Epi n ap fè enstalasyon nou yo yon fason pou yo reziste ak chanjman klimatik.

N ap investi pou n fasilite konpreyansyon epi bay kèk kliyan aksè pou yo jwenn opsyon k ap pèmèt yo fè yon seri chwa enèjetik entèlijan ki bon pou yo, pou amelyore efikasite travay nou an ak eksplwatasyon sistèm nan epi pou n kenbe nivo fyabilite ak sekirite yo wo pou kliyan ak kominote yo k ap tann epi ki merite yo a.



National Grid an chif



6 500 anplwaye kote gen 3 300 ladan yo ki gen **15 sendika ki reprezante yo**



N ap sèvi **1.3 milyon** kliyan pou elektrisite ak **950 000** kliyan pou gaz



18 000 "mile" kab distribisyon elektrik



11 200 "mile" tiyo distribisyon gaz



Nou bay **4.7 jigawat** elektrisite nan peryòd demann nan pi wo a



Gen plis pase **\$240 milyon** taks sou pwopriete ki bay chak ane nan plis pase 240 Vil nan Commonwealth, sa ki pèmèt nou finanse lekòl yo, espas lwazi yo ak lòt sèvis enpòtan.



Pou n fè livrezon pou ou


Konstwi yon sistèm distribisyon pou alimante objektif **5 milyon** nouvo machin elektrik, **3 milyon** batiman dekarbonize ak yon konsomasyon elektrisite ki siperyè jiska **2.5 fwa** sa jodi a, nan tout eta a



Kreye yon seri opòtinite elektwonik pou plizyè milye moun nan tout Commonwealth la pandan nou anplwaye anviwon **3 350 moun** depi 2019



Kontribiye nan reyalizasyon objektif Commonwealth yo, ki se plis pase **20 jigawat** enèji solè, plis pase **20 jigawat** enèji ewolyèn nan lanmè ak **6 jigawat** estokaj enèji sòti depi jodi a jiska 2050, sa k ap pèmèt nou redui emisyon yo epi ranplase konbistib fosil yo



nationalgrid

Avni enèjetik pi entèlijan, pi fò, pi pwòp nou an ap:

Favorize opòtinite ak inovasyon:

Nouvo tiyo yo ak pòs estasyon elektrik yo ap pi efikas, y ap dire pi lontan epi y ap favorize kwasans ekonomik la

Modènize sistèm enèjetik nou an:

Emisyon yo ap diminye pandan n ap amelyore fyabilite a

Bay Bay Saters yo travay:

Plizyè dizèn milye travay ki kreye gras ak investisman nou nan enstalasyon yo ap pèmèt kominote yo leve tèt yo pandan y ap ede endividi yo ak fanmi yo

Pi entèlijan


Objektif nou: Yon rezo pi entèlijan ki ofri kliyan yon pi bon aksè ak enfòmasyon epi ak chwa nan kesyon enèji pwòp, ranfòse rezilyans rezo a, distribiye enèji a yon fason efikas, kote l nesèsè, nan lè l nesèsè.

Travay nou: Modènize sistèm enfòmasyon yo, fè rezo kominikasyon ak fib optik yo pwogrese, bay nouvo zouti ak pòtay pou kliyan yo, epi enstale yon seri gran sistèm enfòmasyon ak siveyans ki ka idantifye pàn yo epi retabli elektrisite a nan sèlman 60 segonn.

Pi fò

Objektif nou: Yon rezo elektrik ki bay chak abitan nan kominote a elektrisite yon fason ki fyab fas ak kondisyon meteyowolojik ki pi vyolan yo ak lòt danje ki gen pwa sou sistèm nan pandan n ap ranfòse estrikti materyèl nou an, sekirize rezo nou yo ak enfòmasyon nou yo epi toujou konsève sistèm nan pou n ka idantifye epi prevni pwoblèm ki ka rive yo, ni pàn elektrisite yo.

Travay nou: Modènizasyon ak agrandisman pòs sou-estasyon yo ak rezo distribisyon yo pou ogmante kapasite ak redondans, enstalasyon mwayen sekirite ak pwoteksyon wo nivo, itilizasyon nouvo teknoloji pou kontwòle rezo yo ak ekipman yo, ranplasman ak modènizasyon poto yo epi amelyorasyon gwo pwogram jesyon vejetasyon an pou redui enpak gwo tanpèt yo ak lòt evènman meteyowolojik yo.



Pi pwòp

Objektif nou: Yon rezo elektrik k ap ede kominote nou yo ak Commonwealth la pou yo atenn objektif yo nan kesyon klima ak enèji pwòp pandan y ap konekte byen rapid plis resous enèji renouvlab nan rezo a pandan y ap bay avèk efikasite enèji pwòp nan kay yo k ap vin gen plis elektrisite, epi pèmèt tout kliyan yo jwenn aksè ak chwa enèjetik k pi pwòp.

Travay nou: Ogmante kapasite rezo distribisyon nou an pandan n ap amelyore epi konstwi yon seri kab elektrik, transfòmator ak sou-estasyon; mete pwosesis entèkoneksyon an otomatik pou fè yon sistèm pi transparan epi pi fasil pou navige; kreye yon seri ekip espesyalize k ap ede tout kliyan yo jwenn aksè ak chwa enèji pwòp k ap reponn ak bezwen yo; epi kolabore pou mete nouvo pri yo ak pwogram yo pou n ka ede kliyan yo pi byen jere epi peye fakti yo ak itilize enèji yon fason entèlijan.

Senk lane pwogrè — Travay nou depi 2018:

Pi entèlijan



Gen 200 materyèl otomatik ki enstale pou retabli elektrisite, sa ki pèmèt nou redui pàn kouran pou kliyan yo a 55%

Ranplasman plis pase 1 200 entèripte wot-tansyon, sa k ap pèmèt sistèm nan detekte pàn yo yon fason otomatik epi minimize enpak yo pou kliyan yo

Pi fò



Gen plis pase 2 milya dola ki investi pou konsève epi amelyore fyabilite pou kliyan yo nan tout eta a.

12 850 "mile", conduit ki enspekte epi ki pwoteje kont vejetasyon an

Plis pase 80 sou-estasyon ki pi sekirize

25 000 transfòmator ak 62 000 poto ki ranplase pou ranfòse sistèm nan

Pi pwòp



\$2,3 milya dola davantaj nan kesyon efikasite enèjetik nan kad pwogram Mass Save la

Plis pase 1 800 koneksyon rechaj EV enstale

39 000 resous enèjetik ki distribiye konekte ki vin totalize plis 800 MW ki ase pou alimante 140 kay. Finalman, plis pase 2 GW enèji renouvlab lokal ak estokaj konekte nan sistèm nou an